# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI STATISTIKA BASQARMASI SANAAT STATISTIKASI BO`LIMI

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINDA 2019 JIL YANVAR-SENTYABR AYLARI USHIN SANAAT O'NIMLERI ISLEP SHIG'ARIW TARAWININ' TIYKARG'I KO'RSETKISHLERI

**Sanaat islep shıǵarıw kólemi 9421,8 mlrd.sum, sanaat islep shiǵariw indeksi 102,5 % di quradi.**

**Tutınıw tovarları islep shıǵarıw kólemi 1632,0 mlrd.sum hám ósiw páti 106,8 % di quradi.**

**Tutınıw tovarlarınıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi 17,3 % di quradi.**

**Sanaat islep shıǵarıwda kishi biznestiń úlesi 23,9 %**

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında respublika kárxanaları tárepinen 9421,8 mlrd.sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstirǵanda sanaat islep shiǵariw indeksi 102,5 % di quraydi.

Ónim islep shıǵarıwda eń úlken kólem islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) kárxanalar tárepinen islep shıǵarılǵan bolıp, olardıń jámi sanaat ónimleri islep shıǵarıwdaǵı úlesi 88,1 % quraydı.

Sanaat islep shıǵarıwdıń ósiwine elektr, gaz, puw menen táminlew hám hawanı konditciyalaw kárxanalarıda jeterli úleslerin qostı, olardiń uliwma sanaat ónimlerin islep shiǵariwdaǵı úlesi 7,7 % quraydı.

## 2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında ahmiyetli ekanomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat islep shıǵarıw quramı




- Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew (indeks -108,9 %)
- Islep shıǵaratuǵın sanaat (qayta islew sanaatı) (indeks - 102,1 % )
- Elektr, gaz, puw menen táminlew hám hawanı konditciyalaw (indeks - 101,7 % )
- Suw menen táminlew, kanalizaciya, shıǵındılardı utilizaciya qılıw (indeks - 106,9 %)

## *Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew.*

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında islep shıǵarılǵan ónimler muǵdarı 301,0 mlrd.sumdı yaǵniy ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri muǵdarınıń 3,2 % ın quraydı.

Taw-kán sanaatında islep shıǵarılǵan ónimler túri boyınsha háktas qazıp alıw kólemi ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda 9,5 % ǵa, shebin 86,3 % ǵa óskenligin kóriwimiz múmkin hám gaz kondensati 10,1 % ǵa, tábiyǵıy gaz 2,5% ǵa páseyiwi baqlandi.

### *Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew ónimleri*

**2018 jılda yanvar-sentyabr islep shıǵarılǵan (mln.sum)**

**2019 jılda yanvar-sentyabr islep shıǵarılǵan (mln.sum)**

**Tábiyǵıy gaz hám neft qazip aliw**

182752,3 mln.sum



221057,0 mln.sum

Fizik kólem indeksi 102,7 % da

**Basqa taw-kán sanaati**

40033,6 mln.sum



52812,8 mln.sum

Fizik kólem indeksi 116,4 % da

## Islep shıǵaratuǵın sanaat (qayta islew) sanaatı

2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 8297,6 mlrd.sumdı yaǵniy ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri kóleminiń 88,1 % tin quraydı.

Islep shıǵarılǵan sanaat strukturasında joqarı texnologiyalı tarmaqlardiń úlesi 1,8 % (2018-jıldıń yanvar-sentyabr aylarına salıstirǵanda 2,0 %), ortasha-joqarı texnologiyalı 65,9 % (73,5 %), ortasha-pás texnologiyalı 6,9 % (4,4 %), hám pás texnologiyalı 25,4 % (20,1 %) dı quraydı.

### 2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında islep shıǵarıwdıń texnologik strukturası boyinsha islep shıǵaratuǵın sanaat strukturası




Óz nawbetinde qayta islew sanaatinda ótken jildiń usi dáwirine salistirǵanda jumsaq biyday unı 0,7 %, biyday nanı 11,5 %, iri shaxlı qaramallar ushın tayar azıq 1,3 %, karbonat dinatriya 2,9 % ǵa óskenin hám paxta talasi, makaron ónimleri islep shiǵariw ótken jildiń usi dáwirine salistirǵanda páseygenin kóriwimiz múmkin.

## Islep shıǵaratuǵın sanaat
## (qayta islew sanaatı)

### Aziq-awqat ónimleri

| 2018 jıl yanvar-sentyabr islep shıǵarılǵan | | 2019 jıl yanvar-sentyabr islep shıǵarılǵan |
|---|---|---|
| 819825,6 mln.sum | Fizik kólem indeksi 112,0 % da | 1159332,9 mln.sum |



### Ishimlikler islep shiǵariw

| 2018 jıl yanvar-sentyabr islep shıǵarılǵan | | 2019 jıl yanvar-sentyabr islep shıǵarılǵan |
|---|---|---|
| 77867,6 mln.sum | Fizik kólem indeksi 110,8 % da | 115589,4 mln.sum |



## Islep shıǵaratuǵın sanaat
## (qayta islew sanaatı)

| 2018 jıl yanvar-sentyabr islep shıǵarılǵan | | 2019 jıl yanvar-sentyabr islep shıǵarılǵan |
|---|---|---|

**Tekstil ónimleri**



| 2018 jıl yanvar-sentyabr | Fizik kólem indeksi | 2019 jıl yanvar-sentyabr |
|---|---|---|
| 469595,0 mln.sum | 111,3 % da | 669488,5 mln.sum |

**Farmaceptika ónimleri hám preparatlar**



| 2018 jıl yanvar-sentyabr | Fizik kólem indeksi | 2019 jıl yanvar-sentyabr |
|---|---|---|
| 19822,0 mln.sum | 157,5 % da | 40341,2 mln.sum |

## Yanvar-sentyabr aylarında qayta islew sanaatında iri sanaat kárxanaları tárepinen ayrım túrdegisanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| | 2019 jılda islep shıǵarılǵan | 2018 jılda islep shıǵarılǵan | Ósiw páti, % |
|---|---|---|---|
| Paxta talası, t | 25919,4 | 33180,0 | 78,1 |
| Ósimlik mayı (tazalanǵan), t | 7472,8 | 8036,9 | 93,0 |
| Tazalanǵan gúrish, t | 2887,4 | 3772,0 | 76,5 |
| Jumsaq biyday unı, t | 57775,1 | 57381,2 | 100,7 |
| Biyday nanı , t | 2082,8 | 1868,4 | 111,5 |
| Makaron ónimleri, t | 819,1 | 2201,0 | 37,2 |
| Iri shaxlı qaramallar ushın tayar azıq , t | 31291,2 | 30889,2 | 101,3 |
| Araq, mıń.l. 100% spirt | 2956,7 | 2955,1 | 100,1 |
| Karbonat dinatriya, mıń.t. | 142,0 | 138,0 | 102,9 |
| Polietilen, t. | 276129,0 | 290876,0 | 94,9 |
| Polipropilen, t. | 72607,6 | 76388,9 | 95,1 |

## Elektr, gaz, puw menen táminlew hám hawanı konditciyalaw.

Elektr, gaz, puw menen táminlew hám hawanı konditciyalaw kárxanaları tárepinenislep shıǵarılǵan ónimler kólemi 729,1 mlrd.sumdı (ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimler kóleminiń 7,7 % quraydı.

2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında sanaattıń bul tarmaqlarında elektr energiyasın islep shıǵarıw ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 9,6 % ǵa, ıssılıq energiyasın islep shıǵarıw 2,6 % ǵa páseyiwi baqlandı.

## Suw menen táminlew, kanalizaciya, shıǵındılardı utilizaciya qılıw.

Suw menen táminlew, kanalizaciya, shıǵındılardı utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 94,1 mlrd.sumdi ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimler kóleminiń 1,0 % quraydi.

Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda quramında qara metall bolǵan ekilemshi shiyki ónim 20,9 % ǵa páseygenligin, shıǵındı suwlardı joǵaltıw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetlerdiń 14,2 % ǵa, suwǵa islew beriw hám suw tarmaqları boyınsha bólistiriw xızmetleri 26,5 % ǵa, qáwipsiz shıǵındılardı jiynaw xızmeti 2,6 mártege kóterilgenligi baqlandı.

## Tutınıw tovarlarin islep shıǵarıw.

Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátijesinde tutınıw tovarların islep shıǵarıw kólemi 1632,0 mlrd.sumdı hám ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstirǵanda ósiw páti 6,8 % quradı, ulıwma islep shıǵarılǵan sanaat ónimler kóleminiń 17,3 % quradı.

### 2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında tutınıw tovarların islep shıǵarıw kólemi hám ósiw páti, % da



## *Tutınıw tovarların islep shıǵarıw*

2019-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında aziq-awqat ónimlerin islep shiǵariw 838,7 mlrd.sumdi quraǵan bolip, jámi tutiniw tovarlarindaǵi úlesi 51,4 %, aziq-awqat emes tovarlardi islep shiǵariw 682,5 mlrd.sumdi, jámi tutiniw tovarlarindaǵi úlesi 41,8 %, alkagol ónimlerin islep shiǵariw 110,8 mlrd.sum esaplanip jámi tutiniw tovarlarindaǵi úlesi 6,8 % di quradi.

### *2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında aymaqlar boyınsha tutiniw tovarlari islep shıǵarıw kólemindegi úlesi, % da*

**Respublikada tutiniw tovarlarin islep shiǵariwda kólemi eń úlken úles Nókis qalası (Respublikada tutiniw tovarlarin islep shiǵariwdaǵi úlesi (33,8 % ), Xojeli rayoni (9,1 %), Tórtkúl (8,8 %), Beruniy (7,1 %) hám Qońırat (6,7 %) rayonlarǵa tuwri keledi. Soniń menen birge eń kem úles Moynaq (respublikada tutiniw tovarlarin islep shiǵariwdaǵi úlesi 0,9) Taxtakópir (1,1 %) hám Qanlikól (1,5 %) rayonlar úlesine tuwri keledi.**



**Aymaqlar kesiminde 2019-jıldiń yanvar-sentyabr aylarında tutınıw tovarlari islep shiǵariw kólemi hám ósiw páti**




Respublika tutınıw tovarların islep shıǵarıwda eń joqari ósiw páti Kegeyli rayoni (125,0 %), Qońırat rayoni (118,0 %), Shımbay qalası (114,2 %), Taxtakópir rayoni (107,9 %) baqlandi.

Soniń memen birge eń pás ósiw páti Nókis rayoni (102,2 %), Xojeli rayoni (102,3 %), Ellikqala rayoni (103,0 %), Tórtkúl hám Moynaq rayonlari (103,6 %) úlesine tuwri keledi.

## *Iri hám kishi biznes subektleri tárepinen tutınıw tovarları islep shıǵarıw quramı, %*




## *Shet el investiciyalari qatnasiwindaǵi kárxanalar tovarlariniń islep shiǵariliwi*

Esabat dáwirinde shet el investiciyalari qatnasiwindaǵi kárxanalar tárepinen 5678,6 mlrd.sumliq o'nim islep shiǵarildi.

Esabat dáwirinde shet el investiciyalari qatnasiwindaǵi kárxanalardiń uliwma islep shiǵariwdaǵi úlesi 60,3% di quradi.

## Shet el investiciyalari qatnasiwindaǵi kárxanalar tovarlariniń sanaattiń ulima quramindaǵi úlesi, %






## *Aymaqlardıń sanaat islep shıǵarıwı*

Qaraqalpaqstan Respublikasinda sanaat kárxanalarin modernizaciya qılıw, texnik hám texnalogik qayta inventarlaw boyınsha ámelge asırılıp atirǵan is-rejeler aymaqlarda islep shiǵariw kólemi hám sıpatin joqarilatiwina xizmet etpekte.

Respublika sanaat islep shıǵarıw kólemi quramında eń kóp úles Nókis qalası (respublika sanaat islep shıǵarıw kóleminiń 65,3 % úlesi), Taqıyatas (7,3 %), Xojeli (3,1 %), Ámudarya (2,8 %) hám Moynaq (2,7 %) rayonları úlesine tuwri keledi.

Sonıń menen birge eń kem úles Taxtakópir (0,5 %), Shomanay (0,5 %), Nókis (0,6 %) rayonları úlesine tuwri keledi.

### *2019 jıldıńyanvar-sentyabr aylarında aymaqlar boyınsha jámi sanaat islep shıǵarıw boyinsha úlesi, (% da)*

| | |
|---|---|
| NO'KIS qalasi | 65,3 |
| TAQIYATAS | 7,3 |
| XOJELI | 3,1 |
| ÁMUDARYA | 2,8 |
| ELLIKQALA | 2,2 |
| QANLIKO'L | 2,3 |
| QON'IRAT | 2,4 |
| MOYNAQ | 2,7 |
| TO'RTKU'L | 2,2 |
| KEGEYLI | 2,1 |
| BERUNIY | 2,0 |
| SHIMBAY | 2,0 |
| TAXTAKO'PIR | 0,5 |
| SHOMANAY | 0,5 |
| NO'KIS | 0,6 |
| QARAO'ZEK | 2,0 |

Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi  Nókıs qalasında (19433,9 mıń.sum), Taqiyatas (9460,4 mıń.sum), Moynaq (8110,7  mıń.sum) rayonlarında ortasha respublika dárejesi kórsetkishinen (5012,1 mıń.sum) ádewir joqarılıǵın kórsetpekte.

## Aymaqlar boyınsha xalıq jan basına sanaat ónimlerin  islep shiǵarıw, (mıń.sumda) (2019 jıl yanvar-sentyabr ayları ushun)



Respublika boyınsha xalıq jan basına tutınıw tovarları islep shıǵarıw 868,2 mıń.sum bolǵan bolsa Nókis qalası (1741,7 mıń.sum), Taqiyatas (1332,0 mıń.sum), Xojeli (1212,8 mıń.sum), dı quramaqta.

## Aymaqlar boyınsha xalıq jan basına tutınıw tovarların islep shiǵarıw, (mıń.sumda) (2019 jıl yanvar-sentyabr ayları ushun)



## Sanaat islep shıǵarıwda kishi biznestiń úlesi.

Esabat dáwırınde kishi biznes subektleri tárepinen 2252,5 mlrd.sumliq sanaat ónimleri islep shıǵarildı. Esabat dáwirinde kishi biznestiń uliwma sanaat islep shıǵarıwdaǵi úlesi bolsa 23,9 % dı quraydı.

Aymaqlar kesiminde kishi biznestiń sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdaǵi eń joqarı ulesi Shomanay hám Ellikqala (ulıwma sanaat ónimleri islep shıǵarıwdaǵi úlesi (100 %), Qaraózek (99,99 %), Taxtakópir (99,6 %) rayonlarında baqlanǵan bolsa, eń kishi úles Nókis qalasında (7,7 %), Moynaq (13,5 %) hám Taqiyatas (14,8 %) rayonlarında gúzetiledi.

### 2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında aymaqlar boyınsha kishi biznestiń sanaat ónimleri islep shıǵarıwdaǵı úlesi , %



## 2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiyallar islep shıǵarıwdı mahalliylestiriw.

Tayar ónimler, qosımsha bóleklerhám materiyallar islep shıǵarıwdı lokalizaciya dástúriniń ámelge asırılıwı respublika sanaat ónimleri islep shıǵarıwdı rawajlandırıwǵa óz tásirin kórsetti, joqarıdaǵı dástúr boyınsha 3130,4 mlrd.sumlıq ónim islep shıǵarılǵan bolıp 253,5 mln.AQSH dollar muǵdarında lokalizaciya qılınǵan ónimler eksport qılındi.

Lokalizaciya qılınǵan ónimler kólemi ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 2,2 payızǵa kemeyiwi baqlandı.

## 2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiyallar islep shıǵarıwdı lokalizaciya qılıw dástúriniń ahmiyetli kórsetkishleri

3202,2 mlrd.so'm

303,4 mln.doll.AQSH

Sanaat ónimleri

Ónimler expotı

3130,4 mlrd.so'm

253,5 mln.doll.AQSH

2018 jıl.    2019 jıl.

## *Hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları.*

Búgungi kúnde respublikada 2244 sanaat kárxanaları hárekette bolıp, olardan 621 in jańadan ashılǵan sanaat kárxanalari quraydı. Jańadan ashilǵan kárxanalardıń derlik 55,4 % ın Nókis qalası, Beruniy, Ámudarya, Ellikqala, Tórtkúl rayonlarına tuwri keledi

### *2019 jıl 1 oktyabr jaǵdayına hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanalar sanı, birlik*




**Q.R Statistika basqarmasi**
**sanaat statistikasi bólimi**
**Baylanıs telefonı: (61) 222-75-87**